

## BAB III

### MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Lokasi Panalungtikan jeung Sumber Data

##### 3.1.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi ieu panalungtikan nyaéta SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan. Alamat lokasina nyaéta Désa Ciberung, Kecamatan Selajambé, Kabupatén Kuningan, Jawa Barat, kode pos 45566.

##### 3.1.2 Sumber Data

Sumber data panalungtikan nyaéta subjék panalungtikan anu ngahasilkeun data (Arikunto, 2010, kc. 172). Sumber data ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VII A SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan taun ajaran 2013/2014. Jumlah siswa kelas VII A SMPN 2 Selajambé ieu nyaéta 30 siswa. Wincikan sampel ieu panalungtikan bisa katitén dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.1  
Data Kelas VII A SMPN 2 Selajambé

Kelas	Awéwé	Lalaki	Jumlah
VII A	13	17	30

#### 3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta desain *pre-test and post-test group*, anu digambarkeun saperti ieu di handap.

$$O_1 \times O_2$$

Desain panalungtikan *Pre-test and Pos-test Group*

(Arikunto, 2010, kc. 124)

Keterangan:

O1 : Tés awal nulis sajak

O2 : Tés ahir nulis sajak

X : Perlakuan ka kelas ékspérimén maké média video

Ieu panalungtikan diayakeun dua kali tés, nyaéta tés awal (tés saméméh perlakuan) jeung tes ahir (tés sabada perlakuan), tapi teu maké kelas kontrol.

### 3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta méthode kuasi ékspérimén. Ieu méthode dipaké pikeun nguji média video dina pangajaran nulis sajak anu bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak sacara signifikan siswa SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan taun ajaran 2013/2014. Ku cara maké ieu méthode, katitén kamampuh siswa dina nulis sajak saméméh maké média video jeung sabada maké média video.

### 3.4 Variabel jeung Wangenan Operasional

#### 3.4.1 Variabel

Variabel dina ieu panalungtikan aya dua variabel, nyaéta variabel bébas jeung variabel kauger. Anu jadi variabel bébas nyaéta média video, ari anu jadi variabel kaugerna nyaéta pangajaran nulis sajak.

#### 3.4.2 Wangenan Operasional

Sangkan museur tur teu méngpar tina tujuan ieu panalungtikan, ku kituna perlu disusun wangenan operasional anu dirumuskeun ieu di handap.

- 1) Média video nyaéta média anu ngagambarkeun hiji objék mangrupa sora jeung gambar anu usik sarta dina mintonkeunna ngalibetkeun téknologi. Média video dina ieu panalungtikan nyaéta média anu ngagambarkeun hiji objék mangrupa sora angin, sora cai ngocor, sora ombak, dilengkepan ogé ku sora lagu, jeung objék mangrupa gambar sawah, jalma nu keur ngangon

embé, cai, gunung, pantéy, sarta gambar indung nu ngurus anakna ti mimiti lahir nepi ka gedéna.

- 2) Nulis sajak nyaéta hiji prosés kreatif anu ngalibetkeun imajinasi dina ngébréhkeun eusi haté jeung pamikiran kana wangun sajak, wangunna bébas atawa teu kauger ku patokan-patokan wangunna.
- 3) Kamampuh nulis sajak nyaéta kamampuh pikeun ngahasilkeun hiji tulisan anu wangunna sajak, anu ngawengku struktur lahir jeung struktur batin sajak. Dina ieu panalungtikan, nu dimaksud kamampuh nulis sajak téh nyaéta kamampuh siswa dina nulis sajak nu nyumponan aspék struktur lahir (diksi, imajinasi, jeung majas) jeung aspék struktur batin (téma jeung rasa).

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa alat anu dipaké dina waktu panalungtikan nu maké hiji métode (Arikunto, 2010, kc. 192). Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tés. Ieu instrumén dipaké pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis sajak ngaliwatan *pre-test* (tés awal) nyaéta pikeun ngukur kamampuh awal nulis sajak, jeung *post-test* (tés ahir) nyaéta pikeun ngukur kamampuh ahir nulis sajak.

Dina tés awal, henteu maké *treatment* nyaéta henteu maké média video anu témana kaéndahan alam jeung kanyaah kolot. Sabada tés awal, saterusna diayakeun *treatment*, nyaéta maké média video anu témana kaéndahan alam jeung kanyaah kolot. Saterusna diayakeun tés ahir sabada aya *treatment*.

Hasil nulis sajak dipeunteun dumasar kana sababaraha aspék, anu ngawengku sabagéan tina struktur batin sajak atawa hakékat sajak, jeung sabagéan tina struktur lahir sajak. Sababaraha aspék nu dipeunteun dina hasil nulis sajak di antarana téma, diksi, imajinasi, rasa, jeung majas. Sangkan leuwih jéntré, éta pedoman baris dikritériakeun saperti ieu di handap.

Tabél 3.2  
Kritéria Tés Nulis Sajak

No	Aspék nu dipeunteun	Skala Peunteun					Skor
		1	2	3	4	5	
1	Téma						
2	Diksi (pilihan kecap)						
3	Imajinasi						
4	Rasa						
5	Majas (gaya basa)						

(Dimekarkeun tina Nurgiantoro, 2010, kc. 487)

Tabél 3.3  
Rubrik Meunteun Nulis Sajak

No.	Aspek	Skor	Kriteria
(1)	(2)	(3)	(4)
1	Téma	5	Eusi sajak alus, luyu jeung téma anu dipilih tina video nu geus dipintonkeun.
		4	Eusi sajak alus, aya patalina jeung téma anu dipilih tina video nu geus dipintonkeun.
		3	Eusi sajak cukup/basajan, rada luyu jeung téma anu dipilih tina video nu geus dipintonkeun.
		2	Eusi sajak kurang alus, kurang luyu jeung téma anu dipilih video nu geus dipintonkeun.
		1	Eusi sajak goréng, teu luyu jeung téma anu dipilih video nu geus dipintonkeun.
2	Diksi (pilihan kecap)	5	Kecap-kecap anu dipilih dina nulis sajak alus pisan.
		4	Kecap-kecap anu dipilih dina nulis sajak alus.
		3	Kecap-kecap anu dipilih dina nulis sajak cukup/basajan.

Rena Rahmawati, 2014

Média Video Dina Pangajaran Nulis Sajak : Studi Kuasi Ékspérimén Ka Siswa Kelas VII A SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan Taun Ajaran 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(1)	(2)	(3)	(4)
		2	Kecap-kecap anu dipilih dina nulis sajak kurang merenah/ kurang alus.
		1	Kecap-kecap anu dipilih dina nulis sajak goréng.
3	Imajinasi	5	Imajinasi alus pisan, luyu jeung eusi video anu geus dipintonkeun.
		4	Imajinasi alus, aya patalina jeung eusi video anu geus dipintonkeun.
		3	Imajinasi cukup/basajan, rada luyu jeung eusi video anu geus dipintonkeun.
		2	Imajinasi kurang alus, kurang luyu jeung eusi video anu geus dipintonkeun.
		1	Imajinasi goréng, teu luyu jeung eusi video anu geus dipintonkeun.
4	Rasa	5	Rasa dina sajak alus pisan, luyu jeung téma anu dipilih tina video nu geus dipintonkeun.
		4	Rasa dina sajak alus, aya patalina jeung téma anu dipilih tina video nu geus dipintonkeun.
		3	Rasa dina sajak cukup/basajan, rada luyu jeung téma anu dipilih tina video nu geus dipintonkeun.
		2	Rasa dina sajak kurang alus, kurang luyu jeung téma anu dipilih tina video nu geus dipintonkeun.
		1	Rasa dina sajak goréng, teu luyu jeung téma anu dipilih tina video nu geus dipintonkeun.
5	Majas (gaya basa)	5	Majas dina sajak alus pisan, ma'nana jero pisan, luyu jeung téma anu dipilih tina video nu geus dipintonkeun.
		4	Majas dina sajak alus, ma'nana jero, luyu jeung téma anu dipilih tina video nu geus dipintonkeun.
		3	Majas dina sajak cukup/basajan, ma'nana jero, rada

(1)	(2)	(3)	(4)
			luyu jeung téma anu dipilih tina video nu geus dipintonkeun.
		2	Majas dina sajak kurang alus, ma'nana kurang jero, kurang luyu jeung téma anu dipilih tina video nu geus dipintonkeun.
		1	Majas dina sajak goréng, teu ngandung ma'na sarta teu luyu jeung téma anu dipilih tina video nu geus dipintonkeun.

Soal *pre-test*

- 1) Pék jieun sajak anu témana bébas, kalayan maké pilihan kecap, imajinasi, rasa, jeung majas anu hadé!

Soal *pos-test*

- 1) Pék regepkeun ieu video anu témana kaéndahan alam jeung video anu témana kanyaah kolot kalayan saregep!
- 2) Pék titénan hal-hal anu ditempo jeung diregepkeun tina ieu video kaéndahan alam jeung video kanyaah kolot!
- 3) Pék pilih salah sahiji téma tina video kaéndahan alam jeung video kanyaah kolot anu geus dipintonkeun!
- 4) Pék jieun sajak tina téma nu geus dipilih tadi, kalayan maké pilihan kecap, imajinasi, rasa, jeung majas anu hadé!

Lembar tés

LEMBAR SAJAK SISWA	
Wasta	:
Kelas	:
No. Absén	:
Téma	:
.....	
.....	
.....	
.....	
.....	
.....	

### 3.6 Téhnik Panalungtikan

#### 3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Ieu téhnik dipaké pikeun ngumpulkeun data kamampuh siswa dina nulis sajak saméméh jeung sabada prosés diajar-ngajar anu maké média video.

#### 3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data ngawengku kagiatan ngolah data jeung analisis data. Data anu paling utama dina ieu panalungtikan nyaéta data *pre-test* (tés awal) jeung data *post-test* (tés ahir). Data anu geus dikumpulkeun, satuluyna diolah jeung dianalisis. Léngkah-léngkahna nyaéta ieu di handap.

- 1) Mariksa karangan sajak siswa hasil tés awal jeung hasil tés ahir.
- 2) Méré peunteun karangan sajak siswa, pikeun nangtukeun peunteun ahir anu maké rumus:

$$\text{peunteun} = \frac{\text{skor nu kahontal}}{\text{skor maksimal}} \times 100$$

**Rena Rahmawati, 2014**

**Média Video Dina Pangajaran Nulis Sajak : Studi Kuasi Ékspérimén Ka Siswa Kelas VII A SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan Taun Ajaran 2013/2014**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar KKM anu ditangtukeun di SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan, katégori peunteunna, nyaéta:

- peunteun  $\geq 70$  siswa dianggap mampu nulis sajak kalayan bener;
- peunteun  $\leq 70$  siswa dianggap can mampu nulis sajak kalayan bener.

### 3) Tabulasi Data

Data nu geus dipariksa jeung dipeunteun tuluy diasupkeun kana tabél.

Tabél 3.4

Skor Kamampuh Nulis Sajak Saméméh jeung Sabada Maké Média Video Siswa Kelas VII A SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan

No. Urut	Ngaran Siswa	Kamampuh Nulis Sajak							Katégori
		A	B	C	D	E	$\Sigma$	P	
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)
$\Sigma$									
$\bar{x}$									

### 4) Analisis Kamampuh Nulis Sajak Saméméh jeung Sabada Maké Média

Analisis kamampuh nulis sajak saméméh jeung sabada maké média video dumasar kana aspék-aspék nu dipeunteunna, nyaéta bisa dititénan dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.5

Tabél Kamampuh Nulis Sajak Saméméh jeung Sabada Maké Média Video

No. Urut Siswa	Judul Sajak	Hasil Panalungtikan	Aspék nu dipeunteun					Peunteun
			Téma	Diksi	Imajinasi	Rasa	Majas	
		<i>Pre-test</i>						
		<i>Pos-test</i>						
		<i>Pre-test</i>						
		<i>Pos-test</i>						



## 5) Uji Sipat Data

## a) Uji Normalitas

Uji normalitas tujuanna pikeun ngayakinkeun data kamampuh siswa mibanda distribusi anu normal, pikeun nangtukeun yén data mibanda sipat nu normal atawa henteu normal nyaéta maké rumus *Chi-kuadrat* ( $\chi^2$ ). Léngkah-léngkah anu kudu dipigawé nyaéta ieu di handap.

(1) Nangtukeun skor panggedéna jeung skor pangleutikna.

(2) Nangtukeun rentang skor ( $r$ ), anu maké rumus:

$$r = \text{skor panggedéna} - \text{skor pangleutikna}$$

(Sudjana, 2005, kc. 47)

(3) Nangtukeun jumlah kelas ( $k$ ), anu maké rumus:

$$k = 1 + (3,3) \log n$$

(Sudjana, 2005, kc. 47)

(4) Nangtukeun panjang kelas interval ( $p$ ), anu maké rumus:

$$p = \frac{r}{k}$$

(Sudjana, 2005, kc. 47)

(5) Nyieun tabél distribusi frékuénsi

Tabél 3.6

Tabél Distribusi Frékuénsi

Kelas Interval	$f_i$	$x_i$	$x_i^2$	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
$\Sigma$					

(6) Nangtukeun rata-rata, anu maké rumus:

$$\bar{x} = \frac{\sum f_i x_i}{\sum f_i}$$

Katerangan :

$\bar{x}$  : rata-rata (mean)

$\sum$  : jumlah

$f_i$  : jumlah data

$x_i$  : nilai tengah

(Sudjana, 2005, kc. 67)

(7) Nangtukeun standar déviasi, anu maké rumus:

$$SD = \sqrt{\frac{n \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}}$$

(8) Ngitung frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi

(a) Nyieun tabél frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi

Tabél 3.7

Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi

Kelas Interval	Batas Kelas	Z <sub>itung</sub>	Z <sub>tabél</sub>	L	E <sub>i</sub>	O <sub>i</sub>	$\chi^2$
$\Sigma$							

(b) Nangtukeun batas kelas interval (bk)

(c) Nangtukeun  $Z_{itung}$ , maké rumus:

$$Z_{itung} = \frac{(bk - \bar{x})}{SD}$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

(d) Nangtukeun  $Z_{tabél}$

(e) Nangtukeun lega kelas interval (L)

(f) Nangtukeun frékuénsi ékspéktasi ( $E_i$ ), maké rumus:

$$E_i = n \times L$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

(g) Nangtukeun frékuénsi obsérvasi ( $O_i$ )

(h) Nangtukeun  $\chi^2$  (*Chi-kuadrat*), maké rumus:

$$\chi^2 = \frac{\sum(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana, 2005, kc. 273)

(9) Nangtukeun derajat kabébasan, maké rumus:

$$dk = k - 3$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

(10) Nangtukeun nilai  $\chi^2_{tabél}$  kalayan maké derajat kabébasan (dk) jeung tingkat kapercayaan 99%.

(11) Nangtukeun normalitas maké kritéria:

- $\chi^2_{itung} < \chi^2_{tabél}$  hartina distribusi data normal;
- $\chi^2_{itung} > \chi^2_{tabél}$  hartina distribusi data teu normal.

## b) Uji Homogénitas

Uji homogénitas tujuanna pikeun mikanyaho homogén henteuna variansi sumber data, anu ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

## (1) Ngitung variansi

- Variansi *pre-test* (tés awal), maké rumus:

$$S_1^2 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

- Variansi *pos-test* (tés ahir), maké rumus:

$$S_2^2 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

(Sudjana, 2005, kc. 95)

## (2) Nangtukeun derajat kabébasan, maké rumus:

$$dk = n - 1$$

(Sudjana, 2005, kc. 236)

## (3) Hasil variansi diasupkeun kana distribusi F, maké rumus:

$$F = \frac{S_1^2}{S_2^2}$$

(Sudjana, 2005, kc. 249)

(4) Nangtukeun harga  $F_{\text{tabél}}$  kalayan maké derajat kabébasan jeung tingkat kapercayaan 99%.

## (5) Nangtukeun homogénitas maké kritéria:

- $F_{\text{itung}} < F_{\text{tabél}}$  hartina variansi sampel homogén;
- $F_{\text{itung}} > F_{\text{tabél}}$  hartina variansi sampel teu homogén.

## c) Uji Gain

Uji gain tujuanna pikeun ngabandingkeun hasil *pre-test* jeung *pos-test*. Ieu di handap tabél gain *pre-test* jeung *pos-test*.

Tabél 3.8

Tabél Uji Gain

No	<i>Pre-test</i>					$SA_1$	<i>Pos-test</i>					$SA_2$	Gain					d	$d^2$
	A	B	C	D	E		A	B	C	D	E		A	B	C	D	E		
$\Sigma$																			
$\bar{x}$																			

Katerangan:

d : daya pembeda

$SA_1$  : skor ahir *pre-test*

$SA_2$  : skor ahir *pos-test*

## d) Uji Hipotésis

Cara pikeun nangtukeun uji hipotésis nyaéta aya dua cara. Kahiji, maké statistik paramétris kalayan maké uji t-tes, upama hasil uji normalitas nuduhkeun yén data miboga distribusi data anu normal. Kadua, maké statistik non-paramétris kalayan maké *Uji Wilcoxon*, upama hasil uji normalitas nuduhkeun yén data miboga distribusi data anu teu normal.

## (1) Statistik Paramétris

Statistik non-paramétris dipaké pikeun nguji hipotésis anu distribusi datana normal. Léngkah-léngkah anu kudu dipigawé nyaéta ieu di handap.

(a) Ngitung rata-rata tina bédana tés awal jeung tés ahir, maké rumus:

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

(Arikunto, 2010, kc. 350)

(b) Ngitung derajat kabébasan (dk), maké rumus:

$$dk = n - 1$$

(c) Néangan jumlah kuadrat déviiasi, maké rumus:

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

(Arikunto, 2010, kc. 351)

(d) Ngitung t, maké rumus:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

Keterangan:

t : tés signifikansi

Md : rata-rata (mean) tina bédana tés awal jeung tés ahir

n : jumlah subjék dina sumber data

$\sum x^2 d$  : jumlah kuadrat déviiasi

(Arikunto, 2010, kc. 350)

(e) Nangtukeun  $t_{\text{tabél}}$  kalayan maké derajat kabébasan jeung tingkat kapercayaan 99%.

(f) Nangtukeun ditarima henteuna hipotésis maké kritéria:

- $t_{\text{itung}} > t_{\text{tabél}}$  hartina hipotésis ditarima;
- $t_{\text{itung}} < t_{\text{tabél}}$  hartina hipotésis ditolak.

## (2) Statistik Non-paramétris

Statistik non-paramétris dipaké pikeun nguji hipotésis anu distribusi datana teu normal. Téhnik statistik anu dipaké nyaéta *Uji Wilcoxon*. Nurutkeun Sudjana (2005, kc. 450), léngkah-léngkah *Uji Wilcoxon* nyaéta ieu di handap.

- a. Asupkeun *peuntun pre-test* siswa kana kolom ka-2 (XA1).
- b. Asupkeun *peunteun pos-test* siswa kana kolom ka-3 (XB1).
- c. Itung bédana antara *pre-test* jeung *pos-test* ku cara XB1-XA1 tuluy asupkeun hasilna kana kolom ka-4.
- d. Nangtukeun jenjang ku cara ngurutkeun hasil béda tina kolom ka-4 ti mimiti nilai béda anu pangleutikna nepi anu panggedéna.
- e. Sabada diurutkeun, misalna aya nilai anu sarua, éta nilai téh dijumlahkeun tuluy dibagi dua pikeun nangtukeun jenjangna. Nilai tina hasil ngabagi téh mangrupa hasil jenjangna.
- f. Sabada diurutkeun, asupkeun nilai jenjang JB kana kolom ka-5.
- g. Ngasupkeun nilai béda anu positif kana kolom ka-6, misalna aya nilai béda anu négatif asupkeun kana kolom ka-7.
- h. Nempo kana tabél harga-harga kritis dina *Uji Wilcoxon*, misal jumlah  $n = 23$  kalayan ngagunakeun taraf kasalahan 5%,  $W_{\text{tabél}} = 73$ .
- i. Data anu geus diitung tuluy asupkeun kana tabél *Uji Wilcoxon* ieu di handap.

Tabél 3.9

Tabél *Uji Wilcoxon*

No. Siswa	XA1	XB1	Béda	Tanda Jenjang		
			XA1-XB1	Jenjang	+	-

Keterangan:

XA1 : peunteun *pre-test*

XB1 : peunteun *pos-test*

- j. Ditarima henteuna hipotésis dina *Uji Wilcoxon* maké kritéria:
- lamun  $W_{itung (-)} < W_{tabél}$  dumasar taraf nyata nu ditangtukeun, hartina hipotésis ditarima;
  - lamun  $W_{itung} > W_{tabél}$  dumasar taraf nyata nu ditangtukeun, hartina hipotésis ditolak.

